

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data dina bab opat, ngeunaan bedana kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda saméméh ngagunakeun téhnik pangajaran TTW dina nulis laporan lalampahan siswa kelas VIII-E di SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014, bisa katitén tina hasilna yén rata-rata unggal aspék nyaéta aspék kamampuh ngagunakeun basa loma nyaéta 5,91; aspék ngagunakeun basa lemes keur ka sorangan nyaéta 4,72; jeung aspék ngagunakeun basa lemes keur ka batur nyaéta 4,97. Jadi, rata-rata ahir tina sakabéh aspék nyaéta 15,52 kalawan rata-rata peunteun 51,44 nu kagolong katégori peunteun kurang mampuh. Hartina yén kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda saméméh ngagunakeun téhnik pangajaran TTW, hasilna can nyugemakeun lantaran can mampuh ngahontal niléi KKM pelajaran basa Sunda nyaéta 75.

Kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VIII-E di SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun téhnik pangajaran TTW, bisa katitén tina hasil rata-rata unggal aspék siswa dina kamampuh ngagunakeun basa loma nyaéta 6,88; aspek kamampuh ngagunakeun basa lemes keur sorangan nyaéta 7,72; jeung aspék kamampuh ngagunakeun basa lemes keur ka sorangan nyaéta 8,02. Jadi, rata-rata ahir tina sakabéh aspék nyaéta 22,57 kalawan rata-rata peunteun 75,33 nu kagolong katégori peunteun mampuh. Hartina yén kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda sabada ngagunakeun téhnik pangajaran TTW, hasilna nyugemakeun lantaran geus bisa ngahontal niléi KKM pelajaran basa Sunda nyaéta 75.

Tina hasil *pretest*, *posttest*, jeung uji gain tétéla téhnik TTW bisa ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan

lalampahan siswa kelas VIII-E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014. Katitén tina hasil *pretest* nyaéta 51,44, hasil *posttest* 75,33, hasil béda *signifikan* gainna nyaéta 23,17. Éta hal bisa dibuktikeun ogé tina uji hipotésis anu ngahasilkeun $t_{itung} (11,76) > t_{tabél} (2,42)$, jadi bisa dicindekkeun yén hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis (H_o) ditolak. Hartina, aya béda nu *signifikan* antara hasil *pretest* jeung hasil *posttest* saméméh jeung sabada ngagunakeun téhnik pangajaran TTW, atawa téhnik pangajaran TTW bisa ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina Nulis laporan lalampahan Siswa Kelas VIII-E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014.

5.2 Saran

Sabada ieu panalungtikan dilaksanakeun, aya sababaraha saran nu baris ditepikeun ku panalungtik nyaéta:

- 1) ku sabab ieu téhnik TTW bisa ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan, ku kituna ieu téhnik pangajaran bisa dijadikeun salasihiji *alternatif* nu bisa digunakeun ku guru dina mantuan ngahontalna kagiatan diajar ngajar ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan; jeung
- 2) pikeun leuwih ngabuktikeun ngaronjatna kamampuh nu séjén dina ngagunakeun téhnik pangajaran TTW dipiharep bisa aya panalungtikan séjén dina matéri pangajaran lianna.